


KUKWANISWA

 ...Uye nokuva pano kuzonamata pamwe chete nemi. Saka zvino tisati tapinda muMharidzo, ndine shamwari yangu yakanaka pano papuratifomu manheru ano, Chiremba Lee Vayle, anobva kukereke yeFirst Baptist kuLima, Ohio, uyo akanga ari mumwe wevakanditsigira nemari pamusangano wepaLima. Ndamukumbira, tichiuya zasi kuno manheru ano, kuti ataure shoko rimwe chete kuungano, pamwe zviine chekuita nemusangano wekuLima, kwenhambwe imwe kana mbiri dzinotevera. Uye ndinofara kuti, kufara kuzivisa kwamuri madekwani ano, Chiremba Lee Vayle, mumwe muBaptisti ane Mweya Mutsvene.

² [Hama Lee Vayle vanotaura kwemaminitsi gumi nemana, vachipupura pamusoro pevanhu vakawanda vakapodzwa.—Mupepeti.] Ameni. Mwari vakuropafadzei, Hama Vayle, zvakare.

³ Izvo zvanga zakanyatsosimba kwazvo kune mufudzi wechiBaptisti, handiti? Zvakanaka, tiri kufara kwazvo kuva neHama Vayle pamwe nesu. Uye zvirokwazvo masuwo akazaruka kwavari kuti vadzoke vagotishanyira pane chero hayo nguva yavanokwanisa. Saka zvino manheru ano . . .

Mangwana manheru pane—*Kuvigwa* kwaIshe Jesu.

⁴ Mangwanani eSvondo pane shumiro yerumuko na six o'clock. Uye ndinotenda kuti hama yazivisa chikamu chepamberi chacho cheshumiro.

Zvino ngatinamatei kwechinguvana.

⁵ Ishe Vakaropafadzwa, Shoko reNyu iChokwadi, uye tinotenda nokuda kwemurume anoRibata, asingatyi, pavanenge vachiRigovera kuvanhu. Zvino apo patiri kuzarura Bhaibheri manheru ano, kana kuzarura mapeji aRo, dai Mweya Mutsvene akaropafadzwa akauya ozarura Shoko rokunzwisisa kwatiri. Kubudikidza naJesu Kristu, tazvikumbira. Ameni.

⁶ Usiku hukuru uhu hwatiri kupemberera, kurovererwa pamuchinjikwa kwaIshe wedu akaropafadzwa, ndinoda kuverenga manheru ano kubva mumiro yaKe Omene yakakosha, Mashoko ayo aAkaita kuti anyorwe muBhuku raKe. Muna Mutsvene Mateo, chitsauko 4, isu . . . uye ndima 47 ne 48, tinoverenga izvi:

Kana muchikwazisa hama dzenyu bedzi, munopfuura vamwe neiko? ko navateresi havaite saizvozvowo here?

Asi muve vakakwana, saBaba venyu vari kudenga vakakwana.

⁷ Zvino manheru ano tataura kuti tiri kuzotaura pamusoro pechidzidzo che*Kukwaniswa*. Zvino isu. . . Chinoita sechidzidzo chisinganzwisiki chekutora pausiku hwekurovererwa kwaIshe vedu. Asi nhasi, zvichida, manga muchiteerera kuredhiyo, uye ndokunzwa mharidzo dzakasiyana-siyana uye nenhume, kuti varatidza sei zuva guru iri rinotyisa apo Ishe wedu akafira zvivi zvenyika. Saka ndasarudza, manheru ano, kupoterera neimwe nzira yakasiyana, kuti ndisvike kwairi, saka ichange yakati siyanei zvishoma uye ingangokuvandudzai zvishoma. Uye dai Mweya Mutsvene akaropafadzwa afemera Shoko zvino apo patiri kuedza kuRiunza.

⁸ Mwari anoda zvakakwana. Tinoda kugara nazvo izvozvo mundangariro, kuti hakuna chinhu chingori muchidimbu chinogona kuenda muHupo hwaMwari. Chinofanira kunge chakakwana, kunamata kwehu, zvinhu zvose.

⁹ Zvino, mubindu reEdheni, Mwari vaiva naAdhama naEvha mubindu. Zvino vakatadza uye nekudarika mirawo yaMwari, nokuita chivi, kusateerera. Zvino kana kudarika kwasvika, kusateerera ndiko kudarika murawo. Zvino murawo waMwari, iYe nokuti mutsvene, hungori hutsvene husina kusvibiswa, nokudaro hakuna kana kakwapa kekusarurama kanokwanisa kumira muHupo hwaKe. Saka, kana chivi chakauya munyika nokudarika, naizvozvo chivi chinofanira kushandwa nacho mutadzi asati atombokwanisa kumira muHupo hwaMwari.

¹⁰ Zvino, kana pasina murawo, saka hapana kutonga kwakarurama. Asi murawo unoda, kana kuti, kutonga kwakarurama kunoda murawo. Zvino murawo, apo pa-paunodanwa, unobuditsa kutonga kwakarurama.

¹¹ Zvino, nemurawo, hapana nyama inoponeswa. Zvino, murawo haukwanise kutiponesa. Murawo ndicho chinhu chakatiisa mujere, asi hauna simba rokudzikinura. Murawo wakangotiratidza bedzi kuti takanga tiri vatadzi, uye ndokutipomera. Ndizvo zvinoitwa nemurawo. Unounza kupomerwa, kana kukuratidza pawakanganisa. Saka murawo, pachezvawo, hawaigona kuponesa. Waingogona bedzi kukupomera.

¹² Zvino Mwari, nokuti mutsvene uye akarurama, Aifanirwa kuve nemaitiro ekutonga mhosva. Aifanira kutonga mutadzi nokuti ainge adarika miganzhu yenyasha, zvino ndokuva mugari wemunyika anotyora murawo. Zvadaro, anofanira kushandwa naye.

¹³ Zvino murawo wose une mubhadharo, nokuti, mubhadharo wokudarika murawo waMwari rufu. Zvino wakatounza rufu kurudzi rwevanhu. Zvino rudzi rweve rwevanhu rwuri pasi pemubhadharo wemurawo uyu.

¹⁴ Zvino, Adhama naEvha pavakatadza, pakanga pasina nzira, pasina kana chimwe chaigadzirisa zvokuti vazogona

kumira muHupo hwaMwari zvakare, kunze kwekunge chivi ichi chashandwa nacho. Uye hakuna munhu anogona kuita chivi chemhando ipi zvayo, zvisinei kuti chidiki zvakadini kana kuti chakakura zvakadini, chivi chimwe ichocho chinofanira kushandwa nacho iye wacho akachiita asati akwanisa kumira muHupo hwaMwari Mutsvene.

¹⁵ Saka, nokudaro, apo Adhama naEvha pavakatadza uye vaine vadarika murawo, vakanga vava pasi perufu. Zvino murawo waifanira kuti ushandiswe, naizvozvo zvakaaisa rudzi rwese rwevanhu pasi pemurango werufu. Zvino kana tikamboti dzikamei kwechinguva chishoma zvino, mumafungiro edu, uye totarira mufananidzo mukuru uyu, uye torangarira kuti munhu wese ari pano anobatanidzwa mune izvozvi. Murume wese nemudzimai, mwana, anobatanidzwa mumurango werufu, nokuda kwekudarika kwemusoro werudzi rwevanhu, Adhama; nokudarika kwake, mumwe nomumwe wedu takava pasi pechivi.

¹⁶ Zvino chivi chinofanira kushandwa nacho. Uye saka, Mwari, mukusagumirwa kwaKe kukuru nerudo rwaKe rwukuru... Murawo waiva wokupatsanura mutadzi kubva kuMusiki wake; zvadaro aibva aparadzwa zvokusavapo, uye kuparadzwa zvokusazombovapo zvachose, panenge pasina kana nzira yokuti akwanise kudzoka kunze kwekunge chivi ichocho chashandwa nacho. Uye zvinova nyore kwazvo ipapo kutenda nezvekuparadzwa zvachose kwemutadzi pamagumo, nokuti anenge zvachose, apatsanurwa nokusingaperi kubva muHupo hwaMwari.

¹⁷ Zvino cherechedzai chivi ichi. Uye nokuti Mwari, akarurama, uye hapana chimwe chaAikwanisa kuita kunze kwekururamisa, nokuti ndiye chitubu chekutonga zvine nduramo, zvadaro panenge pachisina chimwe chinhuve chaAngaita kunze kwekuisa murango pakudarika uku. Uye murango wacho rwaiva rufu, nokuti Akati, “Nezuva rauchadya, zuva iroto uchafa zvirokwazvo.” Zvino, mufananidzo une rima watinawo pano.

¹⁸ Asi zvino tikati dzokerei kumashure zvisvoma, tigoona chihwo hunhu hwaMwari, Bhaibheri rintitudza pachena kuti “Mwari rudo.” Asi zvakadaro, ari rudo, Anofanirwa kuva achiruramisa. Saka, rudo harungorevi chimwe chinhu chinongogona kungobhabhadzirwa nokutambwa nacho. Rudo ndiko kutonga kwaMwari kune nduramo.

¹⁹ Zvino, apo Mwari paakaona kuti vana vaKe vakanga vadarika murawo waKe, uye kuti vaitofanirwa kuti vafe rufu, ipapo rudo rwusina anorwutonga rwakapindira kuti rwugadzire nzira. Nokuti, Mwari vakaona kuti vana ava vakanga vatoparara zvokusavapo zvezvirokwazvo, zvachose kubva muHupo hwaVo. Hapana chimwe chinhu chaikwanisa

kuitwa, nokuti vakanga vadarika murawo waKe, uye murango wemurawo waKe rwaive rufu.

²⁰ Zvino rudo rwaMwari rwakaendera vanhu vaKe. Zvino kana rudo rwaMwari rwatambanudzwa, nyasha dzisina anodzitonga dzinounza chacho chiri kudiwa nerudo. Zvino Mwari, nokufanoziva, paAkada rudzi rwaKe zvakanyanya kunakisa; asi, nemurango, Akaita kuti rufu rwaitsivanisa rwuitike mubindu reEdheni. Zvakaitika kuti, Akatsivanisa chisikwa chisina mhaka, kagwayana kaduku kakanga kasingazive chivi, zvino kakava chaitsivanisa, kushanda nokufa panzvimbo yomutadzi ane mhosva. Zvino raive gwayana, rakauraiwa, kuti ribate upenyu hwevanhu vaKe.

²¹ Nemose muTestamende Yakare vaipirisa ropa remakwayana nembudzi, makwai, nzombe nematsiru, serufu rwaitsivanisa. Asi, zvose muhupfumi hukuru hwaMwari, kwaivepo seri kwepfungwa dzaVo Chinhu chaicho chakanga chiri kuuya, chaizenge chiri icho chacho. Izvozvo zvakanga zviru mumvuri weChinhu chemazvirokwazvo chakanga chiri kuzouya. Zvino Chinhu chacho chaicho chakanga chiri kuzouya, akanga ari Mwanakomana waKe akaberekwa ari oga. Makwayana ose akafa aingova mumvuri. Zvino mumvuri unongori mufananidzo wechinhu chacho. Zvino zvaingotaura nezveKarivhari yakanga iri kuuya.

²² Zvino kuitira mufananidzo weizvi, ngatizarurei mumaBhaibheri edu, kuBhuku ravaHebheru, tigonhonga pano apa izvo Pauro, muapostora mukuru achitaura, achiedza kutipatsanurira zvinhu izvi. Muchitsauko 10 cheBhuku ravaHebheru, tinorava izvi.

²³ Zvino ini ndinongoda Shoko! Shoko iChokwadi. Uye ndinofarira kuRiverenga pamberi peungano yangu, nokuti ndinoziva kuti pakutongwa ndichamira navo. Uye ndinofanira kupindurira. Saka kana ndikaZviunza kubva muShoko, ipapo ndinenge ndisina mhosva; nokuti iRo iShoko, zvino Mwari ndivo vanoona nezveShoko raVo.

²⁴ Tinoona zvakawanda nhasi, zvevaevhangeri nezvevamwe vakadaro, vachizviumbidzira pavanhu. O, chinhu chinonyadzisa! Uye tinoona kuti, mukuenda mumakereke, tikaenda mukereke zvino unowana mumwe mufudzi, ane kamwe kamaitiro kakatsaurwa paari, tumwe tumanyawi. Kana ukasacherechedza, ungoro yose inotora mweya iwoyo. Kana angori netumanyawi, kana kuzunguza musoro wake, kana kamwe kanhu kaduku kasinganzwisike, saka, kereke yose inozoitawo saizvozvo. Uye tine, nhasi, mumakereke edu echimanjemanje, pokuti ndezvemanyawi nezvimwe zvinhu zviduku saizvozvo. Zvino zvine kuvhiringika kwakawanda! Asi, o, hama dzangu dzinodikanwa, kana pakambova nenguva iyo patinofanira kunge tiri paShoko, ndinhasi!

²⁵ Munoono, handifarire kumira pakutongwa ndichiziva kuti ndaiva nekamwe kanhu kaduku kakangodaro-daro kekachizaruro kaduku kakangoti siyanei, ndokutsautsa vanhu. Handidi kuti vave nemweya wangu kana maitiro angu, asi ndinoda kuti vave neMweya waMwari kubudikidza neShoko raMwari, rinoburitsa Chokwadi.

²⁶ Saka pachitiko chikuru ichi manheru ano, ndinoda kuverenga kubva muShoko raMwari reZiendanakuenda. Zvino tinocherechedza kuti murawo wakavapo kwemakore akawanda, asi murawo haumbokwanisi kubvisa chivi. Sokureva kwandakamboita kumashure, waingova imba yejeri. Wakanga uri mutikitivha mukuru akakuudza zvawakanga waita, asi usina muchidzo unogona kukudzikinura. Wakakuisa muchitoro chemukambo, asi pakanga pasina Mudzikinuri kuti akubuditse kunze, naiwo. Unongokuisa mutorongo, kukuita kuti uzive kuti uri mutadzi. Asi zvino cherechedzai muna vaHebheru, chitsauko 10, patiri kuverenga.

Nokuti murawo zvauri mumvuri wezvinhu zvakanaka zvinouya, usati uri mufananidzo chaiwo. . .

²⁷ Rangarirai, waive mumvuri wemufananidzo wakanga uri kuzouya. Mumvuri unongofanozivisa kuti pane chinhu chiri kuita mumvuri wacho. “Mumvuri wezvinhu zviri kuuya, uye usiri mufananidzo chaiwo.” Cherechedzai, “wezvinhu. . .”

. . . mufananidzo chaiwo wezvinhu izvozvo, hazvingatongogoni naizvozvo zvibayiro zvavaipirisa. . . nguva dzose kusvitsa uyo anouya pakukwaniswa.

²⁸ Zvino, Mwari, pakutanga, aida zvakakwana. Jesu, paAkauya panyika, akati, “Ivai vakakwana, saMwari vari Kudenga vakakwana.” Zvino murawo, waiva nemumvuri wezvinhu zvakanga zviri kuzouya, hawaikwanisa kuita kuti munamati ange akakwana. Maubata mufananidzo? Zvino handei kwazviri zvakare kuitira kuti muve nechokwadi chokusazozvipotsa. Mwari vanoda hutsvene hwakakwana. Hapana anokwanisa kumira muchimiro chaKe, aine kadzvinga kaduku kechivi. Jesu akapupurira zvimwe chete, uye akati, “Ivai vakakwana, sezvakaite Mwari vari Kudenga vakakwana.”

²⁹ Zvino Bhaibheri rakataura kuti, “Murawo hawaimbofa wakagona, nezvibairo zvawo, wakaita kuti uyo anouya ange akakwana.” Saka, murawo hauna chinhu chawaigona kukwanisa. Waingova bedzi chinongedzo. Zvibairo izvi, zvaitwa gore negore, hazvaigona kuita kuti munamati ange akakwana. Saka nokudaro, hapana aive pasi pemurawo, kana kuchengeta mirawo, kana pasi pemimvuri, aigona kunge akakwana.

Nokuti (ndima 2) dai zvakanga vakadaro zvingadai zvisina kupera kubayirwa here? . . .

³⁰ Zvino kana paine chimwe chinhu chandinogona kuita kuti ndizviite kuti ndinge ndakakwana pachangu muHupo

hwaMwari, zvino Kristu haana kasungirwa kunge Akandifira. Kana paine chinhu chimwe chete chaunogona kuita, chinokuwanisa chimwe chinhu muHupo HwaMwari, ipapo Kristu anenge akafira mahara. Hapana kuchengeta murawo, hapana pfungwa dzako dzezivo yezviri pamutemo, hapana kana hutsvene hwako pachako, hapana zvinhu izvo zvaunorega kuita, kurega kunyepa, kurega kuba, kurega kuputa fodya, kurega kuenda kumabhaisikopo, uchakangorasika zvakadaro. Hapana chinogona kuzviita! Kujoinha machechi, zvitevedzwa zvetsika, mitambo, zverubhabhatidzo, hurongwa hwechechi, kuverenga zvitendwa, kutaura minamoto, zvinhu zvose izvozvo zvinova mahara. Wakarasika! Hapana kana chinhu chimwe chete chaunogona kuita pachako, nokuti uri mutadzi uri pasi pekupomerwa. Uye hapana kana nzira zvayo iri mauri, kana chitendwa hacho, kana chimwe chinhu chaunogona kuita kana kufunga nezvacho, pachako, chingakodzere kuti chiwane chinhu chimwe chete muHupo hwaMwari, nokuti uri mutadzi kubvira pakutanga.

³¹ Bhaibheri rinonyatsotaura, kuti tose takabarirwa muchivi, tikaumbwa mukusarurama, ndokuuya munyika tichitaura nhema. Zvino Mwari haaikwanisa kutora mumwe munhu kuti afire mumwe, nokuti mumwe anongoriwo nemhosva semumwe. MuHupo hwaMwari, achibhishopi akabarwa munyika ino aiva nemhosva sezvinongovawo akaderera chigonamubhawa chiri muguta. Mumwe haakwanise kureverera mumwe.

³² Naizvozvo, Akatora hupenyu husina mhaka hwemhuka, gwayana duku. Zvino pasi peTestamende Yakare, murawo waiva wokuti, kana munhu atadza, aiunza gwayana kuartari. Toti kana adarika mumwe wemirawo, aiunza gwayana uye oriradzika paartari, aiisa maoko ake pagwayana zvino obva areurura zvivi zvake, kuti akakanganisa uye aiziva kuti akanga aine mhosva. Zve...uye zvakanga...Murawo waida rufu. Zvino aiunza gwayana panzvimbo yake. Zvino apo iye...Huro yekamhuka kaduku aka yaichekwa, zvino kobva katanga kukava-kava makumbo ako maduku, kachichema. Kana ukamboona gwayana richiuruiwa, kuchema kunosuvisa zvakadini! Kamuchinda kaduku kachiedza kuchema, zvino tsinga yayo huru yemuhuro inenge yachekwa. Zvino painenge ichikava nokugwinha, uye painotwasanuka, zvino yobvunda zvakare nokuchema. Zvino ropa rinojuja, rinogeza makushe aro maduku pamwe nemaoko emunamati.

³³ Zvino apo munamati achicherechedza, nokuda kwekuita upombwe, nokuda kwekunyepa, kuba, chero izvo zvaive mhosva yake, kana kunyangwe kufunga zvakaipa, chero zvazvaive zviri mumumvuri mudukusa, aive nemhosva, nokuti ndihwo hwaive hunhu wake. Iye aive munhu ane mhosva, kwete pamwe nokuda, asi nemasikirwe aive nemhosva. Zvino iye aitofanira

kucherechedza kuti gwayana duku iri risina mhaka rafa panzvimbo yake. Zvino ainzwira urombo kanhu kaduku aka.

³⁴ Asi munhu, pakarepo mushure mokunge gwayana richangofa, aine ropa regwayana riri pamawoko ake, aifamba achibuda muchivakwa aine chishuwo chimwe chete mumoyo make, chaagara ainacho kubvira pakutanga. Sei? Nokuti hupenyu hwakanga huri mukagwayana. . .Hupenyu hunogara muropa. Hupenyu hwako huri muropa rako. Tinozviziva izvozvo. Zvino hupenyu hwaive muropa regwayana hwaive hupenyu hwemhuka, zvino pakapamurwa zvizenga zveropa rako zviduku uye hupenyu hwakabuda kubva mumhuka, hahwaikwanisa kudzoka kumunamati, nokuti munamati akanga ari munhu.

³⁵ Ropa rakagadzira chifukidzo, asi haraikwanisa kuyanana zvakakwana; nokuti munhu aibuda muchivakwa, aine chishuwo chimwe chete chokuita chivi, sechaaive nacho pakutanga. Asi, kuita izvi, akanga achitarisisa nguva iyo apo pakwaizova neGwayana rakakwana raizouya. Zvino aizviita pachipiriso chaipiswa, nokuti ndiyo nzira yoga yaaiziva nezvayo.

³⁶ Saka, munoona, paya ropa parainge richijuja, zvino hupenyu hwaibuda mumhuka, hahwaikwanisa kudzoka kumunhu; nokuti, imwe yaive mhuka, mumwe aive munhu; mhuka isina mhaka, kumunhu ane mhosva.

³⁷ Asi, o, rimwe zuva, zvimwe zviuru zviviri zvemakore akapfuura, Gwayana raMwari rakaberekwa zasi muchidyiro chiduku muBheterehema, uye ndokutungamirwa segwai pakundouraiwa kwaro. Mamwe makore chiuru nemazana mapfumbamwe akapfuura, masikati ano, pana three o'clock Akafa. Zvino Gwayana raMwari risina gwapa, risina mhosva rakaremba pamuchinjikwa weKarivhari ndokufira mutadzi wese. Zvino paya munamati paanouya kuGwayana iri, nokutenda! Zvino iri imwe mhando yakasiyana yeGwayana. Harisi Gwayana serimwe riya.

³⁸ Hakuna munhu anokwanisa kuuya kuGwayana iri, kunze kwekunge Mwari vamukweva kutanga. Munoona here kuzvitonga kuzere kwaMwari? O, ndinotarisisira kuti izvi zvisinine zasi pakadzika zvino. Tarirai. Mwari vaiziva kuti Vakanga vaine makwai munyika muno. Vaiziva kuti Vaizova nevanhu vaizoponeswa, zvino rudo rwaVo rwakatarisa pasi zvino ndokuona avo vaizoponeswa; nokudaro, nokufanoziva, Vakafanotemera Kereke inozosangana naYe mhiri ikoko, isina gwapa kana kuunyana. Zvino kana Mwari aida Kereke isina gwapa kana kuunyana, Aifanirwa kuva nechimwe chinhu chaizoiita kuti ive yakadaro. Haaigona kuzvida, kutonga kwaKe kune nduramo, mitongo yaKe hayaizoMurega achikumbira chinhu chakadaro kana pasina nzira yokuchiita.

³⁹ Zvino munhu haakwanise kuzviita nemaari pachake. Mukundiki zvachose. Mwari akamutendera kuti azvione

izvozvo kubudikidza nemurawo, kubudikidza nemuvatongi, kubudikidza nemuTestamende Yakare yose. Akatuma vaporofita, Akatuma varume vakarurama, zvino vakaona kuti mumwe nomumwe wavo akakundika.

⁴⁰ Saka, Mwari, kubudikidza nenyasha dzaVo dzinozvitonga pachadzo, akatuma, kubva munzvimbo dzemuKubwinya, Mwanakomana waKe akaberekwa ari oga, kutora nzvimbo yedu.

⁴¹ Rangarirai, dai Vainge vakati papa veRoma aitore, haaigona kunge akazviita. Dai Vakataura kuti achibhishopi weCanterbury azviite, haaigona kunge akazviita. Dai Vainge vakadana baba mushumiri vatsvene-tsvene kana mubhishopi wepasi rose, haaikwanisa kuzviita. Angadai akagorambwa achiri kure seizvo zvakaitwa Judhasi Isikariyoti. Haaikwanisa kuzviita, nokuti “akaberekerwa muchivi, akaumbwa mukusarurama, ndokuuya munyika achireva nhema,” uye aitoda yananiso yakewo pachake.

⁴² Hareruya! Asi pakauya Mumwe kubva munzvimbo dzomuKubwinya; asiri mumwe, kwete munhu, kwete munhu akanaka, kwete muJudha kana weMarudzi. Aisava chimwe chinhu chisiri Mwari Samasimba, akavanzwa munyama yemunhu. Akauya, Omene, kuzopirisa Ropa raKe Omene, nokuti haRina kuuya kubudikidza nokusangana kwemurume nomukadzi. Zvepabonde zvaiva zvisinei nechokuita nazvo. Asi Akafungatira mhandara, zvino ndokuunza kubva muchizenga cheRopa chaAkanga asika, Omene, uYo asina mhosva.

⁴³ Zvino ruponiso rwangu, rwako, manheru ano, haruzembere pane mubairo wakakodzerana nemabasa edu pachedu. Rwunozembera panyasha dzinozvitonga dzinorevesa dzaMwari Samasimba uYo wakatisarudza maAri. Zvirokwazvo. Handaimbofa ndakave ndakakwana, kana iwe hawaigona kuve wakakwana. Uye hatikambire kuti takakwana. Asi tine nyaradzo imwe iyi, yokuti, kutenda kwedu kwakazembera pane Chibairo chakakwana chakatogamuchirwa kare!

⁴⁴ Saka tinoziva sei kuti tinoChiwana? Kana munamati achinge aisa maoko ake, nokutenda, pamutumbi waIshe Jesu, zvino onzwa kutyisa kwechivi, nemate ekusekwa pachiso chake, nokunzwa kugomera kwemuGetsemani, marwadzo epaKarivhari, uye oziva kuti ane mhosva, zvino oreurura zvivi zvake nemazvo, “O Ishe Akaropafadzwa, Ndine mhosva. Uye handina imwe nzira asi kuti Imi mundibatsire. Uye nokutenda...Muri kudana, Mweya Mutsvene, auya uye anondidana kuti ndiuye. Uye ini zvino, nokutenda, ndinogamuchira Jesu seMuponesi wangu pachangu.” Hupenyu huya hwakabva maAri paKarivhari, hunonzi Mweya Mutsvene, uhwo hwakanga hwakavanzwa muchizenga cheRopa raIshe

Jesu, unodzoka kumunamati uye womubhabhatidza neMweya Mutsvene, kumupinza muMutumbi waKristu.

⁴⁵ Zvino iYe akatotongwa nechekare. Haufanirwe kunetseka pamusoro pekutongwa. Pandiri kutendeuka ndichitarisa muchinjikwa muduku uyo, ndinocherechedza kuti, iwo unomiririra mutumbi waKe. Uye zvino mutumbi uyo wakatotongwa kare. Mwari haakwanisi mukururama kuti autonge zvakare, nokuti wakatotongwa kare. Mwari vakarova mitongo yerufu pamutumbi iwoyo. Uye chero bedzi ndikangogona kuwana nzira yokuti ndivanzwe mumutumbi iwoyo! Kutongwa kwake kwakaroverwa ini pamwe newe. Takasununguka! VaRoma 8:1, yakati, “Naizvozvo hakuchina kupiwa mhosva kune avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambe vari munyama, asi vari muMweya.” Hezvoka izvo, hapachisina kupomerwa! Handina basa kuti chii chinouya kana chii chinoenda, wakavanzwa pasi peRopa.

⁴⁶ Zvakare, tinopinda sei muMutumbi uyu? VaKorinde Vokutanga 12:13, inotaura kuti, “NeMweya mumwe chete!” Ko Mweya unouya sei? Kubudikidza nemuChibairo. Ko Mweya wakanga uri papi? Mukati meRopa. Nemhaka yei mhuka yaisagona kudzoka? Yaive mhuka. Mweya wemhuka hawaikwanisa kuuya kumweya wemunhu kuti ugoita chimwe chinhu pauri, nokuti mweya wemunhu waiva chiyero chepamusoro chehupenyu pane mhuka. Asi hapana mumwe mweya wemunhu waikwanisa kudzokazve. Kana uine mweya wevamwe tateguru, ndezvemudzimu. Asi Mwari pachaKe akauya, kuti Mweya waKe Omene, unova iwo chiyero chepamusoro-soro chemweya uripo, unokwanisa kudzoka uri muchimiro cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kumunamati, kuburikidza nemuRopa raKristu, zvino womutora uchimuisa muMutumbi. Akachengeteka!

⁴⁷ Tarirai. Ropa renzombe nembudzi haraishanda, tichiona kuti rakanga risina simba. Zvino ngatitangei kuverenga, se pandima 12. Zvakanaka. Ropa renzombe nembudzi haraishanda, uye kana kuyanansira. Tarirai.

Asi murume uyu, (Murume upi? Mubhishopi? Kwete. Papa? Kwete.) . . .

Asi murume uyu, mushure iye . . . abaira chibairo kamwe chete pamusoro pechivi nokusingaperi, akagara pasi parudyi rwaMwari;

Kubva zvino achimirira kusvikira vavengi vake vaitwa chitsiko chetsoka dzake.

⁴⁸ Magadzirira here? Magadzirira here kuShoko? Teererai kune iZvi, ipapo ndinoda kuti murege Zvichinyura pasi. Nyatsoteereresai.

Nokuti nechibairo chimwe chete (kwete gore negore, kwete rumutsiriro pamusoro perumwe rumutsiriro,

kwete musangano pamusoro pemumwe musangano, kwete zuva nezuva)... .

Asi *nechibairo chimwe chete aka k-w-a-n-i-s-a* (vakadaro? Akadaro!)... .

...*nechibairo chimwe chete akakwanisa* (ndizvo zvinodiwa naMwari) *nokusingaperi avo vanoitwa vatsvene.*

⁴⁹ Hezvoka izvo. Ndiyo mhinduro kurufu rwaKristu. Ndiyo mhinduro kuKarivhari. Iye zvirokwazvo, neRopa raKe Omene, akatenga zvivi zvedu, ndokukwanisa nokusingaperi, vatendi vaKe. Naizvozvo, muna Kristu tinomira tisina mhaka, takakwaniswa muHupo hwaMwari Samasimba. Tiri vanhu vari pasi pekodzero dzedu, nedzidziso dzedu; tose takadzidziswa kuti tinofanira kusimuka toenda kune imwe nzvimbo, tinofanira kuita chimwe chinhu. Kwete, hama yangu, hazvinei nezvavakaita; ndeizvo zvavakaitirwa naMwari! Tiri iye zvino, kana takaruramiswa nokutenda, takakwaniswa nokusingaperi muHupo hwaMwari.

⁵⁰ Zvino Jesu akati, “Naizvozvo muve vakakwana.” Ipapo, zvakakwaniswa nokusingaperi. Mwari, kubudikidza nerufu rwaKristu, chiuru nemazana mapfumbamwe emakore akapfuura, nhasi, akakwanisa mutendi, uyo waAkafanoona nyika isati yavambwa, nokusingaperi. Zvino avo vaAkadana, Akavaruramisa. “Avo vaAkafanoziva, Akavadana; avo vaAkadana, Akavaruramisa; avo vaAkaruramisa, Akatovabwinyisa kare.” Akatokwanisa vatendi vaKe!

⁵¹ Zvino tarirai, ngatidzokerei kundima 1.

...*murawo zvaune mumvuri wezvinhu zvakanaka zvinouya, usati uri mufananidzo chaiwo wezvinhu izvozvo, haungatongogoni nezvipiriso zvanoramba vachibayirwa gore rimwe nerimwe zviite kuti anouya wacho akwaniswe.*

⁵² Tarirai “kukwana,” ndizvo zvatiri kutaura nezvazvo.

Nokuti *dai zvakanga vakadaro zvino hazvingadai zvisina kupera kubayirwa here? nokuti munamati kana akanga anatswa kamwe chete angadai asina kuzoyeudzwa chivi.*

⁵³ Munovei? Shoko rokuti *kuzoyeudzwa* apo, zvino chaiyo, dudziro, ndeyekuti “chishuwo.” Zvino kana munhu akauya, munamati, nemazvo, pamberi paKristu, achiona kutambudzika kwaKe, zvino iye ozvipira kuna Kristu, zvino oti, “O Ishe Mwari, hamuna chiri mandiri chinogona kuyanana, asi muna zvose ndiri kutovimba neMi,” ipapo Mweya Mutsvene iwoyo unouya mumoyo wemunhu, nyaya yacho yechivi inobva yagadziriswa nokusingaperi, nokuti chishuwo chose chechivi chabviswa mauri. Nokuti dai murawo wainge wakakwanisa kuita izvozvo,

zvibairo zvainge zvisina kunge zvakarega kumira; asi nokuda kwekuti zvakanga zvisingakwanise kuzviita, Kristu aitofanirwa kufa, kutiita kuti tinge takakwana.

⁵⁴ Shamwari, pane zvinhu zvakawanda zvatinokwanisa kutaura manheru ano, pamusoro pekukwaniswa. Tiri kuedza nguva dzose kusvatora ziso kubva mune mumwe munhu, kuti tizviite isu pachedu vatsvene zvakadarika zvishoma zvavari—zvavari. Asi kana tikangotarira mufananidzo, dzinongori nyasha dzaMwari kuti tiri zvati.

⁵⁵ Pano pane imwe nguva yakapfuura, muOhio, ndakadzidza chidzidzo nenzira yakaomarara. Ndaiva nemusanganano zasi muOhio, uye ndaigara kunze kumaruzevha. Nokuda kwemhomho yevanhu, handaikwanisa kugara muguta.

⁵⁶ Tainge tichidyira pakarestorande kadiki kemaDunkard. Uye mahweta madiki echidzimai akaisvonaka, akapfeka zvakadzikama, uye vakachena sokukwanisa kwavo kwese, semadzimai kwawo, vaitishumira. Kakange kari kanzvimbo kadiki kedenga, kudyira panzvimbo yakadaro. Kicheni yavo yakanga yakachena kuti mburetete. Zvino musi weSvondo vaipfiga vobva vaenda kukereke kwavo. Ndakava nekanzara, ndakanga ndiri kuzoparidza Svondo masikati.

⁵⁷ Zvino ndakaenda kune imwe duku yamazuva ose . . . yaingori restorande duku yemunhu wese yemuAmerica, kuti ndinowana chimwe chinhu chokudya. Zvino pandakapinda pamukova, zvino chii chandakanzwa asi kuti waive muchina wekubheja uchishanda! Zvino pakanga pakamira mumwe murume wezera rangu, apo zvichida akanga ari murume akaroora, aine ruwoko rwake rwakambundira mumwe mukadzi, achitamba nemuchina wekubheja. Murawo wedu chaiwo, muchengetedzi wekururama kwedu, wezvinhu zvedu, akanga akamira ipapo achityora chinhu chaifanira kunge ari kuchengetedza. Nokuti, hazvisi pamutemo kubheja muOhio, kutamba nemuchina wekubheja.

⁵⁸ Zvino ndakatendeuka ndokutarisa ndakananga kumashure kwechivakwa, pakanga paine boka revakomana vachangobva zera, zvino rimwe remarekodhi erock-and-roll rakanga riri pamuchina, richirira. Mumwe mudzimai wechidiki angave nemakore gumi nemasere okuberekwa, mutumbi wake wakaumbika zvakanaka semudzimai. Asi akanga akamira ipapo dhirezi rake rakaremba pasi pano pamberi, zvino mumwe wevakomana ava aiva nemaoko ake pamusikana uyu, paaisafanira kunge ari. Uye vakanga vachiputa pamwe nokunwa.

Zvino ndakafunga, “O Mwari, Mungarega sei zvakadai?”

⁵⁹ Zvino ndakatarisa nechekurudyi kwangu, pandakanzwa mumwe munhu achigomera zvikuru. Zvino ipapo pakanga pakagara mumwe mudzimai wechikuru, aiva nemakore anenge makumi matanhatu, kana kuti makore makumi

manomwe okuberekwa. Akanga akapfeka nguwo dziya duku dzinonyadzisira, dzakakwirira kusvika panenge pakati pemakumbo ake, zvino nyama dzake dzinonzwisa urombo dzakaunyana dzainge dzakangoremba nokuremba kwese. Zvino akanga aine pano apa pendi yepamuro, nechimwe chinhu chikuru chepeporo padivi rechiso chake, akapendwa; akapfeka tushangu tuduku, masandara, nenzara dzekumakumbo dziri dzepeporo, dzakapendwa; nzara dzeminwe dzepeporo, dzakapendwa. Zvino bvudzi rake rakange rakagerwa riri pfupi kwazvo, uye rakapenderwa mudenga, uye rakadhawira bhuruu. Zvino ndakamutarisa.

⁶⁰ Zvino kune rimwe divi retafura kwaive kwakagara varume vaviri, vakadhakwa. Mumwe wavo (yaive nguva yezhizha) aive akapfeka jasi guru rakare remauto, akamoneredza sikavha pfumbu muhuro make, nendevu dzakazara pachiso chake chose, achidzvova nokungoenderera. Zvino vakakumbira kumboti sudurukei, murume uyu akadarwo, kubva pamudzimai, zvino ndokutanga kufamba achibuda sezvizi, kuenda kuchimbuzi.

⁶¹ Ndakamira ipapo. Zvino ndakati, “Mwari, ko Madini mangoparadza chinhu chacho chose? Ko Madini mangochinyudza pasi penyika?” Ndikati, “Ko Sarah wangu mudiki naRebekah vari kuzofanirwa here kukura vari pasi pezvinhu zvakadarwo?” Ndikati, “Ko Mungazvigona sei, Mwari, muhutsvene hweNyu hukuru, kuti mumire makatarisa chinhu chakadarwo, uye morega kutumira kudengenyeke kwenyika kwozvinyudza?”

⁶² Zvino pandainge ndakamira ipapo, ndichipomera mudzimai, ndichidaro, ndaenda kuseri kwemukova. Ndakanzwa Mweya waMwari uchiuya kwandiri, ndokubva ndaenda seri kwemukova.

⁶³ Zvino ndakaona kunge chimwe chinhu chaifamba chichitenderera. Zvino pachaidaro, muchiratidzo, yakanga iri nyika yakanga iri kutenderera nokutenderera. Zvino pandakacherechedza, kwakapoterredza nyika paiva nemuhwezva mutsvuku, wakapoterredza nyika. Zvino pandakasvika pane nyika, ndakazviona, ndingori mukomana muduku, ndichiita zvinhu zvandainge ndisingafanirwe kuita; pamwe kwete saizvozvo, asi chakanga chiri chivi. Zvino nguva dzose pandaita chero chinhu, ndaiona mumvuri uya mukuru mutema uchienda wakananga Kudenga. Zvokuti, Mwari vaigona kunge vakandiuraya panguva iyoyo.

⁶⁴ Zvino ndakaona pakamira pakati pangu naMwari, pamire Chibairo chiya chakakwana. NdakaMuona akamira ipapo aine minzwa mumusoro waKe, nemate akaremba pachiso chaKe. Zvino nguva dzose zvivi zvangu pazvaitanga kuenda kuna Mwari, Aitambanudza ruwoko ochibata, sezvakaite bhamba

remotokari. Aindichengetedza kubva kurufu. Uye nguva yose pandaiita chero chipi hacho chakaipa, Mwari angadai Akandiuraya. Zvirokwazvo, hutsvene hwaKe hunozvida izvozvo. Murawo waKe unozvida izvozvo. Zvino nguva yose pandaiita chero chinhu, kana iwe paunoita chero chinhu, Ropa raJesu Kristu rinoita sebhamba. Zvino ndakaona muhwezva uya mutsvuku kuti waireva izvozvo, zvino, kuti Ropa richakabata nyika.

⁶⁵ Zvino pandainge ndakamira, ndakatarisa, ndokuswedera pedyo naYe pandakaMucherechedza. Uye ndaigona kuMunzwa achiti, “Baba, muregereriwo, haazive zvaari kuita.” Zvino ndakatarisa pasi, uye paive pakagadzika bhuku. Zvino pakanga paine Ngirozi yainyora ipapo, yakamira padivi paKe. Zvino nguva dzose pandaiita chivi, zvainyorwa pasi mubhuku. Uye zita rangu rakanga riri ipapo. Zvino ndakacherechedza kuti nerimwe zuva, ini. . . muhwezva uya weRopa uchazosimudzwa zvino ndinozofanirwa kumira muHupo hwaMwari, nehupenyu hwangu huzere zvivi. Asi, ndakaona, netsitsi dzaKe Akanga achimisa kutongwa kwangu.

⁶⁶ Ndakaenda kwaAri, ndakazvininipisa. Ndakapfugama nemabvi angu, zvino ndikati, “O Jesu, iWe Mwanakomana waMwari, handikodzeri kuuya muHupo hweNyu. Asi ndapota haMungandiregererawo here pane zvandakaita?”

⁶⁷ Akabata padivi paKe neruwoko rwaKe, ndokutora bhuku rakare ndokunyora pariri “waregererwa,” ndokurikandira kumashure kwaKe, zvino zvivi zvangu zvakanga zvaenda! Ipapo Akanditarisa, zvakaomarara kumeso, Akati, “Zvino Ndakuregerera, asi unoda kupomera mudzimai.” Ipapo ndakaona zvazvaireva.

⁶⁸ Pandakabuda muchiratidzo, ndakafamba ndokuenda kwaave. Ndakati, “Makadini?”

⁶⁹ Mudzimai akanga achinwa. Akatarisa mudenga kwandiri, zvino ndokuti, “O, kaziwa.”

Ndikati, “Ndingagarawo here pasi?”

Iye ndokuti, “Ndine vandinavo.”

⁷⁰ Ndikati, “Handizvirevi nenzira iyoyo, mudzimai. Ndiri kungoda kutaura nemi, kweminiti.”

Akati, “Garai pasi.”

⁷¹ Zvino ndakati, “Mudzimai, mumaminiti mashoma apfuura, ndimire uko seri kwemukova uyo. . .” Ndakatanga kumutaurira. Zvino pandakatanga kutarisa, misodzi yakatanga kumhanya ichidzika napamatama ake. Zvino akanditaurira. . . Ndikati, “Mudzimai, haurevi kuita zvinhu izvozvi. Jesu akafa, zvino kutonga kwaMwari kwakamiswa neRopa raKe. Haurevi kuzviita.”

⁷² Zvino iye akati, “Kwete, changamire.” Akati, “Baba vangu vaive mudhikoni mukereke. Ndakakudzwa mumhuri yeChikristu. Murume wangu neni taive nhengo dzakatanga, uye tichirarama hupenyu hweChikristu. Akatanga kunditaurira, shure kwekufa kwemurume...Aiva nevanasikana vaduku vaviri, zvino akatsauka pagwara. Uye kuti vasikana vakamusiya sei, zvino akanga arasa hupenyu hwake. Saka akafunga kuti pakanga pachisina tariro zvachose kwaari.

⁷³ Asi ndakati, “Mwari, ivai netsitsi! ‘Avo vaAkafanoziva, Akavadana.’”

Akati, “Ndimi here Mufundisi Branham, vekuzasi uko?”

Ndikati, “Ndini.”

⁷⁴ Akati, “Ndinozvinyarira, kunge ndakagara pano sezvizvi.” Akati, “Munofunga kuti pangavawo nemukana kwandiri?”

⁷⁵ Ndikati, “Jesu akatambanudza mawoko aKe, akakumirira kuti uuye, mudzimai.” Zvino vamwe vakatanga kudairira. Zvino ndakati, “Haungafamba here panzvimbo pano pamwe neni?”

Akati, “Ndichadaro, changamire.”

⁷⁶ Ndakamutora neruwoko. Ndikati, “Mune zera rinenge raamai vangu. Mungapfugamawo here neni pano, pasi?” Zvino pasi ipapo, takashandura nzvimbo iyoyo masikati iwayo, kuve musangano wemhando yechinyakare. Uye Mwari vakaponesa mudzimai iyeye, nenyasha dzaVo. Akazvishongedza akauya kumusangano, uye, sokuziva kwangu, ari kurarama hupenyu hweChikristu manheru ano.

⁷⁷ Chii ichocho? O, Mwari anoda zvakakwana! Anoda kutendeuka kwako. Anoda kutendeuka kwako kwaAri. Asi Akatarisa manheru ano. Hazvinei kuti wakatadza zvakadini, zviduku sei kana kuti zvakawanda sei, uchingori mutadzi, uye hakuna imwe nzira yaungapinda nayo asi kubudikidza naJesu Kristu, Chibairo chakakwana chaMwari. Uye maAri unokwaniswa nokusingaperi. Pafunge ipapo! Handi izvo zvaunoita. Handi mapeji matsva aunozarura. Handi hupenyu hutsva hwaunotanga. Kureurura kwekutadza kwako, nenyasha dzaMwari kwauri. Izvozvo zvinokuunza pakukwaniswa, zvino zvadaro wakwaniswa muna Jesu Kristu.

⁷⁸ Ndinovimba, manheru ano, shamwari yangu, apo tiri pano panguva yakakosha zvino, apo sarudzo dzinofanira kuitwa mushure mokunzwa nyaya iyi. Unogona kunge usina kumboinzwa kumashure. Asi haukwanise kubuda nepamikova iyo uri munhu mumwe chete sepawapinda, unofanira kubuda wava zviru nani kana kuti watowedzera kushata.

⁷⁹ Zvino apo patiri kukotamisa misoro yedu kwechinguvana, ndinoda kuti mufunge napakuru kwazvo pamusoro pazvo. Unoti kudini nemunhu wako wemukati manheru ano? Jesu Kristu akakufira.

⁸⁰ Unoti, “Hama Branham, pandinenge ndazogona kurega kuputa, pandinenge ndazogona kurega kunwa, pandinenge ndazogona kugadzirisa chinhu ichi, ndichazviita.” O, hazvimbofi zvakaitwa zakanaka. Haumbofi wakagona kuzviita. Ko wadini wangouya sezvauri? Uye, nokutenda, woenda kuHova iya, iyo maronda enyu ari kujuja akapa, ipapo rudo rwunodzikinura rwuchava dingindira rako, uye rwuchange rwakadaro kusvikira wafa.

⁸¹ Ko unotorerei chinotsiva? Unoedzerei kupinda uchishandisa kereke yako? Unoedzerei kupinda nokungoti warega kunwa kana kuti warega kunyepa? Uya nenzira yekukwaniswa! “Nokuti, neChibairo chimwe chete, Akakwanisa nokusingaperi avo vakaitwa vatsvene.”

“Ko ndinotsveneswa sei?”

⁸² Reurura zvivi zvako muHupo hweRopa raJesu; zvino Hupenyu hunobva muRopa iroro, hunodzoka kumunamati, zvino hwomuchenesa kubva kuzvido zvezvinhu zvemunyika. Nokuti, neChibairo chiya chakakwana, Akatichenesa; Mweya mumwe chete, tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete. “Zvino hapachisina kupomerwa kune avo vari muna Kristu Jesu, kune avo vasingafambe vari munyama, asi muMweya.” Kana uri kuedza kufamba neMweya, uye uchiri kuchiva zvepanyama, Chibairo hachisati chaiswa pauri zvakakwana. Asi munamati kana angocheneswa kamwe, haachisina chishuwo chechivi.

⁸³ Ndizvo zvaive Karivhari. Haisi nzvimbo yokutengesa maruva, kana kamwe kanzvimbo kekuita *izvi* kana *izvo*. Yaiva nzvimbo apo Mwari nemunhu vakayananiswa. Ndiyo nzvimbo apo rugare nechengetedzo yakakwana zvakaunzwa kumunhu. Ungaendawo here neni, manheru ano, shamwari yangu mutadzi, kuKarivhari, uye nokutenda toisa Ropa iri kumunhu wako wemukati, uye torenga Mweya Mutsvene auye okuchenesa neChibairo chaKe chikuru?

⁸⁴ Tisati tanamata, ungasimudza here ruwoko rwako kuna Mwari, uye woti, “Ndinzwireiwo tsitsi, Mwari. Zvino ndinoreurura zvivi zvangu zvose, pausiku huno hweChishanu Chakanaka. Uye ndinokoshesa kutambudzika kukuru uko Kristu akandiitira. Iye zvino ndinopira kuda kwangu, zvinangwa zvangu nezvimwe zvose, kuti ndiKuteverei kubva zuva rino, zvichienda mberi.” Ungasimudzawo here ruwoko rwako, woti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham, mumunamato. Ndiyo sarudzo yemoyo wangu”? Pane aripo here, husiku hukuru huno, tichimirira kwechinguvana? Nehekuno uku kudivi rekurudyi rwangu, zvirokwazvo kune mumwe chete necheuko. Uri kunyara here nezvivi zvako? Uri kunyara here nezvawakaita?

⁸⁵ Nyika manheru ano iri kutsvaka mhare. Uye ine mhare, tichirevera panyama.

⁸⁶ Rimwe zuva kare muSwitzerland, apo Swiss Switzerland yakanga yava panjodzi, kaboka kaduku kemaSwiss kakanga kaungana muminda, kudzivirira—kudzivirira hupfumi hwavo. Hondo huru yakanga iri kuuya yakanga yakanyanyisa kuvakurira; vose vainge vakadzidziswa, vaine mapfumo makuru nenhowo. MaSwiss hapana chimwe chavaigona kuita kunze kwekukanda mapfumo pasi. Vakanga vamanikidzirwa pagomo. Ipapo pakava nemhare yakabudapo. Mumwe munhu aifanira kufa. Zvino kana vakakurirwa pahondo. . .

⁸⁷ Hapana chavakanga vainacho kunze kwemajeko matsaru, nematombo, zvimiti, zvokurwa nazvo. Ipapo, hondo yakanga iri kuuya yairatidzika semudhuri wezvidhinha. Kuri kunzi vatapwa, madzimai avo maduku akanaka aibhinywa, vasikana vavo vaduku vaibhinywa, vacheche vavo vauraiwa, misoro yavo yaiputsanywa, misha yavo yaitorwa, zvinhu zvose vairasikirwa nazvo.

⁸⁸ Ipapo zvino pakanga paine mumwe murume, ane zita rinokurumidza kukanganwikwa, ane zita rokuti Arnold von Winkelried. Akabuda kunze, ndokuti, “Varume vemuSwitzerland, zuva rino ndinopira hupenyu hwangu nokuda kweSwitzerland.” Akati, “Seri kwegomo riri kure uko kune musha muduku muchena. Ndine mudzimai nevana vatatu vakandimirira. Asi havachazondioni zvakare, nokuti, zuva rino ndinopira hupenyu hwangu nokuda kweSwitzerland.”

Vakati, “Ko uchaitei, Arnold von Winkelried?”

⁸⁹ Akati, “Nditeverei, moita zvamungagonesesa kuita nezvamunenge muchiita nazvo.”

⁹⁰ Akatarisa nepamusoro pehondo kusvikira awana apo mapfumo akanga akawandisa. Zvino ndokubva asimudza mawoko ake mudenga, akamhanya akananga kumudhuri mukuru uya wezvidhinha wemapfumo, uye achidanidzira, “Zarurirai nzira kurusununguko! Zarurirai nzira kurusununguko!” Zana remapfumo rikatendeuka kuti ribate kurwisa kwake; akakandira mawoko ake kunze ndokuaunganidzira muchipfuva chake omene, ndokubva amubairira pasi, zvino akafa ari kumisoro yemapfumo aya. MaSwiss aya akamutevera netsvimbo nezvimiti. Kuratidzwa kukuru kwakadaro kwehumhare kwakafurufusha hondo iyi, kusvikira maSwiss akavadingira kunze kwenyika yavo. Zvino havana kuzombova nehondo kubva pazuva iroro, nazvino.

⁹¹ Mira muSwitzerland ugotaura zita raArnold von Winkelried, unoona misodzi ichimhanya ichidzika nepamatama avo. Nemhaka yei? Akaponesa nyika yavo. Kwakave kuita kukuru kwemhare. Hakuwanzozaniswa, uye hakuna kumbodarikwa, panyika pano.

⁹² Asi, o, chaiva chinhu chiduku pane zvakaitika rimwe zuva! Paya rudzi rwaAdhama parwakamira, madhimoni achifora achibva kumativi ose, vaporofita vakanga vakundika, murawo wakanga wakundika, chibairo chenzombe nemakwayana zvakanga zvakundika, hunhu hwemunhu hwakanga hwakundika, zvinhu zvose. Zvino rudzi rwaAdhama rwuduku rwakamira, rwakundwa; vari vashoma kudarika madhimoni, kutenda zvemweya-mweya, hurwere, matenda. Pane Mumwe akabuda achibva Kudenga, zvino ndokuti, “Zuva rino Ndichafira rudzi rwaAdhama.” Akauya panyika ndokuitwa nyama. Akatarisa pasi chaipo pakati peapo mapfumo akanga akanyanyisa kusviba. Chakasvibisisa chaityiwa nemunhu wese rwaive rufu, zvino Akatora rufu achirwuisa muchipfuva chaKe. Zvino paKarivhari akabhadhara chibairo, ndokudanidzira, “Zarurirai nzira kurusununguko!”

⁹³ Zvino Anodanidzira kuKereke yaKe, “Torai iChi chaNdakusiyirai, Ropa raNgu neMweya waNgu, mugorwisa nechero chose chamuinacho.” Tinogona kukurira manheru ano, kubudikidza naZvo, shamwari. Unokwanisa kudzinga dhiyahore kubva pauri. Wese muvengi wakare ari muhupenyu hwako, anokwanisa kudzingwa neRopa pamwe neMweya waKristu, uye unokwanisa kumira wakakwana muHupo hwaKe. Kristu akagadzira nzira!

⁹⁴ Haungangoitawo here zvokusimudza ruwoko rwako kwaAri, uye woti, “Ndiregereriwo”? Mwari vakuropafadzei, hama. Mumwezve, “Ivaiwo nengoni kuneni, Mwari, ndave zvino kureurura kukanganisa kwangu”?

⁹⁵ Pane here nhengo yekereke inongodziya anoenda kukereke kwauva ose, uye pamwe achiedza nekuzvininipisa kwese mzaangagona, asi zvakadaro unoziva kuti hasha nekushaya hanyin’a, nehundini, tsika dzinokunamatidza pasi kusvikira unenge uchisina kukunda? Ungada here kucheneswa neRopa, manheru ano, kubva kune zvose izvozvo? “Nokuti munamati akacheneswa kamwe hauchisina kuyeuchidzwa...” Ungada here kusimudza ruwoko rwako, iwe nhengo yekereke? Mwari vakuropafadze, mudzimai. Simudza mawoko ako woti, “Hama Branham, ndirangarireiwo mumunamato.” Mwari vakuropafadze, mudzimai. Ndizvozvo chaizvo. Ndiye uyo chaiye...Ndicho chinhu chaicho chokuita. Mwari vakuropafadzei kumashure uko, changamire.

⁹⁶ Mumwezve simudza ruwoko rwako, uti, “Ivaiwo nengoni kuneni, Mwari. Ndinoziva kuti ndinongopupura Chikristu, asi handichirarami. Ndinoziva kuti handidarō. Uye mumoyo mangu, handina kunyatsoita zvakanaka kwaMuri. Ndinoda kuva mumwe wevasanangurwa vaMwari. Ndinonzwa mumoyo mangu kuti ndiri, asi handisati ndaisa parutivi zvinorema zvinogara zvichindivhiringidza zviri nyore. Uye ndinoda kuzviisa parutivi manheru ano. Uye, nenyasha dzaMwari,

ndichazviita. Ndinamatireiwo.” Ungasimudza here ruwoko rwako? Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mumwezve. Kashoma hako, takamirira.

⁹⁷ Apo takamirira chinyararire, munhu wese zvino misoro yenyu yakakotamiswa mumunamato, zvinyoronyoro imbai mahon'era ichi zvino.

Pane Tsime rizere neRopa,
Rinotorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,
Uye vatadzi vanozvikandira pasi peraKe. . .
Vanobvisa makwapa ose ekupomerwa,
vanobvisa. . .

⁹⁸ Haungafungisise nezvazvo here iye zvino? Usaedza kuzvigeza kuti zvibve. Kristu ari paruoko rwako.

⁹⁹ Pirato akambozvisedza, mangwani ano, ipapo dzichinge six o'clock; asi maoko ake achakazara ropa, aine mhosva azere ropa. Munoziva here zvakaitika kwaari. Akaenda muSwitzerland, makore akawanda akazotevera, ndokurasikirwa nepfungwa dzake, ndokuzvikandira muchidziva chemvura ndokufa. Mangwanani ano, muSwitzerland, mazana evanhu vanouya kuzoona chiitiko ichi, mvura yebhuruu inofashaira ichibva pasi pezigomba guru iri remvura. Vanozviita makore ose. Ingano yakare, vanoti Mwari akaramba kuti mvura ichenese mawoko ake.

¹⁰⁰ Hama, hazvina basa kuti wakabhabhatidzwa kangani, chero chipi chaungaedza kuita, hapana chichachenesa maoko ako kunze kweRopa raKristu. Mwari akairamba. Zvino mvura yebhuruu, mushure mezwiuru zviriviri zve makore, potse, ichiri kungofashaira. Mwari anoiramba. Hutsvene hwako hwekuzviitira haukwandise kusuka zvivi zvako. Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu! Pafungei ipapo zvino. Tave kuzonamata, muchinguvana.

¹⁰¹ Handizive kana ndingakumbira chimwe chinhu manheru ano. Paya paAmira ipapo muimba yaPirato yokutonga, mangwanani ano, ndokuti, “Dai Humambo hwaNgu hwaiva hwenyika ino, Ndaikwanisa kutaura kunaBaba vaNgu zvino pakarepo Vaitumira zvikwata gumi nezviriviri zveNgirozi.” Apo, imwe chete yadzo yaigona kuparadza nyika. “Ndaitaura kwaVari, zvino zvikwata gumi nezviriviri zveNgirozi zvinenge zviripo kuti Ndizviraire.” Aigona kunge akazviita. Asi Akamira ipapo, ari munyoro uye akazvininipisa, kuti atore rufu rwako pamwe nokutora zvivi zvako.

¹⁰² Ungapa kutenda kwakakwana here nokuda kweChibairo ichocho manheru ano, imi muri kuchida, uye muchida maropafadzo aMwari, mungasimukawo here netsoka dzenyu kuitira munamato uno? Chingosimuka netsoka dzako, imi munoda kurangarirwa mumunamato uno, muchiti, “Mwari, ivaiwo nengoni kwandiri. Ndine mhosva, ndakaita zvinhu

zvisizvo, uye zvino ndinoda kugamuchira kuregererwa kwangu nemuna Jesu Kristu.” Ungamira netsoka dzako here ipo panguva ino? Mwari akuropafadze, mudzimai wechidiki. Ndi hwo hushingi. Ingoramba wakamira ipapo.

¹⁰³ Ungandiudzawo here kuti wasimudza ruwoko rwako, zvino usina kuperera kwakakwana kwekuti usimuke netsoka dzako? Pane here chakanaka chatomboitwa neEvhangeri kwauri? O, kutamba kwakadai nekereke, kutamba naMwari! Nguva yave kutosvika, rimwe remazuva ano bhambu reatomiki richarova pamwe panzvimbo pano, mune imwe yenzvimbo munogadzirwa paudha. Hapazova nekanguva kadukusa kekufungisisa nezvazvo. Nguva inenge yaperera ipapo, uye zvichida Esta ichatevera isati yasvika, kana kunyange Esta ino iyi. Haungasimuka here zvino, woti, “Mwari, ivaiwo nengoni kuneni, mutadzi. Iye zvino ndinogamuchira Kristu, nokuzvipira kwaAkaita seyananiso yezvivi zvangu. Uye nyenya dzaKe, uye nyasha dzaKe dzoga, ndinogara muHupo hwaMwari.” Haungareurura kukanganisa kwako here? Uyo achavanza zvivi zvake haubudirire. Uyo anoreurura chivi chake, anowana tsitsi. Zviri kwauri. Akatarisa.

¹⁰⁴ Zvino, Ishe wedu Akaropafadzwa, pahuwandu hwevawanikwa manheru ano pamire mweya mitatu iri kutendeuka, murume mumwe chete nemadzimai maviri.

¹⁰⁵ Apo ndiri kufunga, Ishe, nezveKarivhari, apo mumwe aive kune rimwe divi, akati, “Ishe, ndirangarireiwo kana Muchinge Mauya muHumambo hweNyu”; mumwe wacho akati, “Kana uri iYe wacho, regai tione munana, tibvise pamuchinjikwa uye Wozviponesawo.” Zvino mumwe wacho akati, “Mwari, ivaiwo netsitsi kwandiri.” Zvino musoro weNyu wakatendeukira kudivi rekurudyi rwawo, uye ndokuti, “Nhasi uchange uineNi muparadhisu.” Asi Makanyararira mumwe wacho, nokuti pakanga pasina kutendeuka.

¹⁰⁶ Zvino, Mwari Baba, ndinonamata kuti ava vange... Ndichavimba kuti ndeava vatatu bedzi muchivakwa, vanonzwa kuti vanoda kureurura kukanganisa kwavo. Asi nokuti vauya nenzira yakazvikwanira, iri nzira yemuchinjikwa. Varegerereiwo, Ishe, uye mugovaropafadza. Vakamira pano manheru ano; sekuvamiririra kwaMakaita, muimba yaPirato yokutongerera; sekuvamiririra kwaMakaita, pakati peMatenga nenyika, apo zuva rakanyura uye mwedzi ukaramba kupa chiedza chawo, uye chidzitiro chemutemberi chakabvarurwa kubva kumusoro kusvika zasi. Ndinonamata, Mwari, kuti Mugovaropafadza nokuvapa tsitsi dzeNyu, nokuvachenesa neRopa reNyu. Uye muvabhabhatidze neSimba reNyu rinochenesa, muMutumbi weMwanakomana weNyu pacheNyu, Kristu Jesu, ipapo vanenge vachengeteka kwenguva Nokusingaperi. Ropafadza vamwe avo vanonzwa kuti zvavari zvakanaka, uye kuti vakatosangana neizvi kare vakaita

saizvozvo. Ndinonamatira ropafadzo iri kwavari, nemuZita raKristu. Amenii.

¹⁰⁷ Mwari vakuropafadzei. Zvino imi makamira pedyo neavo vasimuka, svevererai muvagwine mawoko avo, mumwe munhu, zvino woti, “Ishe vakuropafadze,” ndizvozvo, seruwoko rwekuwadzana.

¹⁰⁸ Isu iye zvino tati nonokei zvishoma mushumiro dzedu. Vangani vanoda Ishe Jesu, simudza ruwoko rwako? Handizive, murunyararo zvino, kana kuti mukunyarara kwatingakwanisa, mukurangarira uYo ari kwese-kwese, Ari pano manheru ano, kana tikagona kuimba zvinyoro-nyoro.

Kwaiva zasi pamuchinjikwa pakafira
Muponisi wangu,
Zasi uko ndakachemera kusukwa kubva
kuchivi;
Ipapo pamoyo wangu (pawakazadzikisa
zvaidikanwa, ukaisa mawoko ako pamusoro
paRo), ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
O, kubwinya kuZita raKe!

Ngatiimbei zvinyoro-nyoro zvino, patiri kukotamisa misoro yedu kwaAri.

Zasi pamuchinjikwa pakafira Muponisi
wangu,
Zasi uko ndakachemera kusukwa kubva
kuchivi;
Ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kuZita raKe!
Kubwinya kuZita raKe, Zita rakakosha!
Kubwinya kuZita raKe rakakosha!
Ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kuZita raKe!

¹⁰⁹ Zvino chinyararire, misoro yenyu yakakotamiswa. Imi makaponeswa, itii, “O . . .” Simudza ruwoko rwako zvino.

O, Tsime rakakosha rinoponesa kubva kuchivi!
Ndinofara kwazvo kuti ndapinda mukati;
Ipapo Jesu anondiponesa nokundichengeta
ndakachena;
Kubwinya kuZita raKe!
Kubwinya kuZita raKe rakakosha!
Kubwinya kuZita raKe rakakosha!
Ipapo pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kuZita raKe!

¹¹⁰ Zvino makaisa mawoko enyu pasi, misoro yenyu yakakotamiswa. Ndangofunga; mumwe munhu afona maminiti mashoma apfuura, zvino akati mumwe munhu anga achida kurangarirwa mumunamato manheru ano, kuitira muviri wavo.

Havana kukwanisa kudzoka kumusangano weSvondo manheru, kushumiro huru yekupodzwa. Ungasimukawo here netsoka dzako, iwe unoda kurangarirwa mumunamoto uya iko zvino?

. . . pamoyo wangu Ropa rakaiswa;
Kubwinya kuZita raKe!
Kubwinya ku . . .

¹¹¹ Zvino nemisoro yenyu yakakotamiswa. “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwako, akaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwako, kurohwa kwakakuunzira rugare kwakange kuri paAri, uye nemavanga aKe wakapodzwa.”

Kubwinya kuZita raKe!

¹¹² Zvino, Baba Vakaropafadzwa, apo tiri kuswera pamuchinjikwa mukuzvinipisa iye zvino, apo nyasha netsitsi zvakandiwana, ipapo Nyamatsatse Inopenya inoisa mirazvo yaYo yechiedza yakandipoteredza. Vanorwara vakamira muHupo hweNyu. Vari kungotenda iko zvino, kuti nokutenda, vanotarisa musana une mavanga, uri uko. “Uye nemavanga ake takapodzwa.” Baba Vatsvene-tsvene, tinouya tichipupura kutenda kwehu, tichitenda kuti Munopodzwa mitumbi yedu inorwara, kubudikidza nekutambudzika kukuru kwakatimiririra kwaIshe Jesu. Zvino tinopa tichiitira vanhu ava vakamira, munamoto wekutenda, waMakavimbisa kuti waizoponesa vanorwara. Zvino isu, pamwe chete, sechikamu chimwe chevatendi veNyu manheru ano. Makati, “Pose panoungana vaviri kana vatatu, Ndichange ndiri pakati pavo.” Uye tinovakumbirira kuitirwa tsitsi, kuti nyasha dzeNyu zvino dzigobata munhu wavo wemukati-kati, zvokuti chimwe chinhu chichabairira zasi uko kwakadzika-dzika; kuti vazive kuti Kristu ari pano uye ataura navo, achiti, “Mwana waNgu, Ndakatora chirwere chako uko paKarivhari. Zvino chingokandira kufunganya kwako kwese paNdiri, nokuti ndine hany’ a newe.” Uye dai vakapodzwa, pose zvapo zvizere, nokuti tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

¹¹³ Uye pavari kugara pasi zvino, mumwe munhu ari pedyo navo, isa mawoko ako pamusoro pavo, mumwe munhu anga achivanamatora. Bhaibheri rakati, “Vachaisa mawoko avo pane vanorwara; vachapora.” Ishe varopafadze.

¹¹⁴ Kana ndisiri kukanganisa, handisi ndakatarisa here murume akapodzwa pano mazuva akati kuti apfuura, kana kuti misi yeSvondo yakati kuti yakapfuura, akanga asinganzwi kana zvimwewo zvaive munzeve? Ndakuona uchinakidzwa nemusangano manheru ano. Uri kundinzwira zvakanaka zvino? Zvakanaka. Zvinoshamisa! Ingosimuka netsoka dzako kwechinguvana. Vangani vanomurangarira ari pano? Zvino akapfuura nemumutsara wekunamatorwa, ndokumudzosa papuratifomu, zvino Ishe vakamupodzwa nokumuita kuti aite zvakanaka. Ishe ngaVaropafadze! Maita, hama, nokuda

kwechapupu chenyu. Zvinogona kunge zviri nemumadhazeni!
Asi haAshamise here?

¹¹⁵ Zvino, tinoda kukuonai mangwana manheru, pakunotanga. Zvino tevere Svondo mangwanani, pakunotanga. Svondo masikati, uye kana mukakwanisa kudzoka kushumiro yekupodzwa Svondo manheru. Kusvikira tasangana, ngatisimukei tiimbe chimbo chedu chekuperadzana, “Tora Zita RaJesu Pamwe Newe.”


Tora Zita raJesu newe,
Mwana wekusuwa nenhamo;
Mufaro nekudekara Richa. . . (Nyatsotendeuka
zvino ugwinhane chishanu nemunhu wese.)
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha, (Nyatsotendeukai
mukwazisane), O, kutapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, Zita rakakosha, O kutapira!
Kutapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino tarisai kuno uku.

PaZita raJesu tichigwadama,
Tochizvambarara takawira patsoka dzaKe,
Mambo wamadzimambo Kudenga
tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwazadziwa.
Zita rakakosha, O kutapira! O kutapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, O kutapira! Kutapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

¹¹⁶ Zvino rangarirai kwaya yekwaNeville, nhepfenyuro yeboka revaimbi vana mangwanani, WLRP, pana nine o'clock. Zvino yeHama Stricker inouya pana nine-forty-five, Svondo mangwanani. Ndanga ndichivagadzirira tepi masikati ano, yezverumuko.

¹¹⁷ Saka zvino, kusvikira tasangana zvakare, maropafadzo aShe ave nemi, tichikotamisa misoro yedu. Zvino ndichakumbira shamwari yangu yakanaka pamwe nehama, Hama Palmer, vanobva kuMacon, Georgia, kana vakachiparadzana unguno ino neshoko remunamato, patiri kunamata. Hama Palmer. 

KUKWANISWA SHO57-0419
(The Perfection)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZERUMUTSIRIRO RWEPAESTA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu manheru eChishanu Chakanaka, 19 Kubvumbi, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org